



CHÈCHE JWENN PI BON KALITE. CHÈCHE JWENN PI BON PRI.

Gen posibilite ke w ap peye 500% anplis pou swen sante. Epitou ou ka ap itilize lopital yo klase kòm lopital ki pa bay bon kalite sèvis. Men kijan pou w fè konnen?

Nou la, se pou n chanje sa.

Healthcare Bluebook se yon zouti ou ka itilize sou entènèt ak sou aparèy mobil ki ede w jwenn enfòmasyon rapid sou pri ak sou kalite dapre klasman pwofesyonèl swen sante lokal yo, grasa yon sistèm koulè ki fasil pou konprann. Avèk sistèm nou an, li senp e li byen fasil pou chèche ak jwenn sèvis swen sante.

Pri Transparan



Kalite Transparan



Kisa ki transparans nan swen sante?

Se lè nou ba ou, oumenm antanke kliyan, bonjan enfòmasyon ou ka fè konfyans ki pèmèt ou konnen konbyen lajan ou pral peye davans.

Kijan m ka wè enfòmasyon sa a?

Miami-Dade County Public Schools (Lekòl Piblik Konte Miami-Dade) mete Bluebook aladispizyon w nan kad plan avantaj ou yo. Jwenn pri ak bonjan enfòmasyon kalite gratis nan:

healthcarebluebook.com/cc/mdcps

Non Itilizatè a: Siyati

Modpas: 4 Dènye Chif Nimewo Sekirite Sosyal

Poukisa m bezwen enfòmasyon sa a?

Pri ak kalite swen sante varye anpil toudepann de ki kote ou ale ak ki pwosedi ou gen pou fè.

\$ - Bluebook montre w Fair Price™ (Pri Jis) pou dè milye sèvis medikal epi li montre w tou pwofesyonèl swen sante lokal yo ki chaje yon Pri Jis.

✓ - Epitou nou klase lopital yo onivo nasyonal nan kategorik klinik apa, konsa w ap kapab chwazi yon etablisman ki ka satisfè bezwen medikal ou yo pi byen.

Teledchaje aplikasyon pou mobil nou an nan "App Store" la ak nan "Google Play" pou jwenn enfòmasyon pèsonalize

Company Code: MDCPS1

Lè tout bagay transparan, alèkile chwa a vin klè.



Kijan pou Kòmanse

Itilize meni ki desann yo, oswa tape yon mo ke w ap chèche nan kaz rechèch la

Chwazi pwosedi oswa tèks medikal doktè w la te rekòmande w la.

Yon fwa w jwenn pwosedi w la, pa bliye konfime oswa chanje kòd postal ou pou ka gen enfòmasyon ki pi egzak la.

Chèche Pri Jis la

Healthcare Bluebook ede w ekonomize lajan k ap soti nan pòch ou pou depans medikal. Chèche swen medikal a pri rezonab yo bay nan zòn kote w rete a, epi ekonomize dè santèn oswa dè milye dola lè w gen bon enfòmasyon w bezwen an pou pran desizyon sou swen sante w.

Search for name of procedure, test, or service



X-ray, Imaging Hospital Physician Labs

Gen 2 fason pou chèche swen sante - Pri & Kalite

MEDICAL SERVICES

Inpatient Quality Shop Smart Fair Price

Anterior Cruciate Ligament Knee Surgery (ACL)	●	●
Knee Arthroscopy	●	●
Knee MRI (no contrast)	●	●
Knee MRI (with and without contrast)	●	●
Knee MRI (with contrast)	●	●
Posterior Cruciate Ligament Knee Surgery (PCL)		●
Revision of Knee Replacement	●	●
Total Knee Replacement	●	●

Fè rechèch sou Swen Sante

Ou ka fè rechèch sou sèten pwosedi medikal dapre pri a, piske pa gen anpil diferans nan kalite pwosedi yo, lèfini tou ou pap vreman gen okenn rapò ak doktè k ap fè l la. Kòm pa egzanp yon MRI (tès imajri a rezonans mayetik) oswa yon eskànografi (CT scan).

Men pou pwosedi ki pi konplike yo, li pi bon pou konsidere kalite lè w ap pran desizyon w, kòm pa egzanp si w ap fè yon atwoskopi (operasyon) nan zèpòl oswa yon fizyon vètebral (operasyon nan kolòn vètebral).

Nan ekran sa a, nou pral montre w ki pwosedi medikal ki klase dapre pri yo epi ki pwosedi yo klase dapre kalite a.

1. Fè rechèch ou Dapre Klasman Pri a

Ou deja konnen ki pwosedi oswa ki tèks ou bezwen - epi apre?

Bluebook ap montre w Pri Jis la, epi l ap montre w tou kategori pri yo chaje nan zòn kote w rete a. Pri yo ka varye jiska 500% donk nou mete yon kòd ki baze sou koulè pou pwofesyonèl swen sante ki nan zòn ou an, konsa li pi fasil pou chwazi youn ki chaje yon Pri Jis.

Atwoskopi nan lenou



Ou pa jwenn pwofesyonèl swen sante nan lis la? Byenke Bluebook kouvri 90% popilasyon Etazini, menm si nou pa idantifye yon pwofesyonèl swen sante nan zòn kote w rete a, nou ka toujou ede w. Kontakte sèvis sipò nou an, PriceFinder, nan pricefinder@healthcarebluebook oswa nan 1-888-316-5217

COST ● At or Below Fair Price ▲ Slightly Above Fair Price ● Highest Price

Facilities ^ Distance ^ Rating v

Fair Lawn Diagnostic Imaging Center - Fair Brook (~ 27 miles)	●
Fair Lawn Diagnostic Imaging Center - Saddle Brook (~ 29 miles)	●
Gramercy MRI Diagnostic Radiology (~ 42 miles)	●
Radiology Associates of Ridgewood (~ 21 miles)	▲
Hudson Valley Hospital Center (~ 16 miles)	●
The Valley Hospital (~ 24 miles)	●

Facilities ^ Distance ^

Quality Rating v

St Thomas Hospital (~ 9 miles)	✓
Tristar Centennial Medical Center (~ 7 miles)	✓
Saint Thomas Rutherford Hospital (~ 17 miles)	✓
Sumner Regional Medical Center (~ 26 miles)	✓
Tristar Summit Medical Center (~ 9 miles)	✓
Tristar Southern Hills Medical Center (same zip)	✓
Heritage Medical Center (~ 43 miles)	✓
Tristar Stonecrest Medical Center (~ 13 miles)	✓
Metro Nashville General Hospital (~ 9 miles)	✓

2. Fè rechèch ou Dapre Klasman Kalite a

Pwosedi ki gen diferans nan kalite swen yo ka evalye pèmèt nou klase lopital onivo nasyonal yo nan kategori klinik apa. Poutèt sa, li vin pi fasil pou jwenn yon lopital ki bay swen kalite siperyè pou fè pwosedi medikal ou a.

Sonje, gen anpil doktè ki ka fè pwosedi medikal nan plizyè lopital. Si w gen yon doktè ou fè konfyans, rete avèk doktè sa a, sèl bagay, mande l pou l fè pwosedi medikal la nan yon lopital ki gen klasman siperyè.

Menm Pwosedi. Menm Rezo. Diferan Pri.